Ассаламу гІалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
31 март
РУЗМАН

№15
(7450)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ГІадамал ва гІадатал

## «Кьаба» - тІиндадерил некІсияб байрам

**Араб гьатІан кьоялъ ТІинди кІудияб рохалида ва гІемерал гьалбадерил гІахьаллъигун тІобитІана, хасел бащалъиялда бан, цебе умумузги кІодо гьабулеб букІараб некІсияб байрам «Кьаба».**

Щибаб миллаталъул гуребги, цо миллаталъул батІи-батІиял районазулги, хІатта районалда жаниб росабазулгицин руго цохІо жидеего хасиятал байрамал.

Нилъер районалъул росабалъги руго умумуздаса рачІарал гІадатал-байрамал. Гьединаздасан цояблъун ккола сонайил жидерго росдае хасаб росдал магІишаталъул календаралда рекъон, февралалъул байбихьуда, ай, хасел чІун к1икъого къо ун хадуб, къо халалъизе, бакъул чІораз ракьалъе хинлъи дагьаб цІикІкІун кьезе байбихьулеб мехалъ тІиндадерица кІодо гьабулеб, нусго-кІинусго соналъ цебе тІобитІулеб букІараб умумузул берталъе нилъго ккараб гІадаб асар гьабулеб, бертин-тепси жиндир аслудулъ бугеб «Кьаба» байрам. Росулъ гІемераб хвел-хоб ккун, исана байрам марталъул ахиралде бачине ккана...

ГІадатиял къоязде дандеккун, хасаб чІаголъи, рагъа-рачари букІана ТІинди байрам тІобитІулеб къоялъ. Росдал щибаб авалалдасан годекІанире ракІарулел берцинго ретІа-къарал гІисиназгун чІахІияз, хъвалеб аргъаналъулгун бухулеб къалиялъул рагІулеб бакъаналъ, цоцалъ журан чІвалел белъулеб гьанал, чІагІдал, миллиял квеназулгун жубараб кІкІуйдул махІаз мехтизарулел ругин дун гурелги, тІолго дандельаралилан кколеб букІана росдал клубалде цере щведал.






Лъаларо, чанабилеб нухалъ тІиндадерица «Кьаба» исана кІодо гьабурабали, гьеб байрамалде сверараб гІадат кида тІоцебе тІобитІизе байбихьарабали лъалел гІадамал росулъ дида ратичІо, бищун ригь кІудиязги жидедаги гьеб тІобитІулеб батанин абулел гурони. Лъалеб гьечІо гьеб кисан бачІарабалиги, «умумузул батараб гІадат буго, советияб заманалда динияб хутІелилан, жакъасел «цІиял жамагІат, данде балеб буго гІакълу, тадбир кин-щиб тІобитІизе бугеб абун жиде-жидер пикру. ГІун бачІунеб гІелалда бичІчІулеб буго гьитІинав кІудиясухъ гІенеккун, гьес малъараб гьабун, къараб зар гІадин, рукІизе кколеблъи. АскІор ругел кулабаздасан гурелги, районалъул цогидалги росабалъанги рачІунел руго тІиндадерил миллияб байрамалде гьалбал. Исанайин абуни, гьенире рачІаразул география жеги гІатІилъана: дибирзабаз» бусурбабазул гьечІеб гІадат буго»,- ян аби гуреб. Кин батаниги, «Кьаба» тІобитІиялъулъ квешаб жо дидаго бихьичІо. РикІкІада вугев гІагарав чини кисан, мадугьаласда мадугьал анкьазги вихьулареб гьаб заманаялда гьеб тадбиралъ цадахъ бакІарулеб буго МахІачхъалаялдасан республикаялъул миллияб политикаялъул министр Татьяна Гамалейида цадахъ бачІараб къокъаялдасан бахъараб, Южносухокумскалда яшав гьабун ругел тІиндадериде щвезегІан. ЯтІа яхъизе лъачІо дида тІиндадерил некІсияб ратІлилъ, «бахІаралъе» босулеб ханжу-мохмохги тІад къан бугеб хІамида аскІой росдал руччабазул горулъ йикІарай Татьяна Владимировна.

ТІадехун абухъе, байрамалде рачІун рукІана гІемерал гьалбал. Гьезул гІемерисезе бокьана «Кьаба-бахІарай ячине» ине. «БахІаралъе» ретІел-хьитгун унезул къокъадулъ журана гьелги. Чангиял рукІана ханждал гьиралгун мохмохал ва хІан-нахалъул бидоналги кьалазда тІад къарал хІамулги цере къотІун. Цогидазе бокьана чотІахъанлъиялъе чода рекІарав «бахІарасдаса» нахъе ккарал жал гьечІеблъиги бихьизабун, гьесул «гьалмагъзабилъун» рукІине. «БахІаралда» хадур унезул гурулъе жуяна Татьяна Гамалейги, амма гьобол-гьудул хириял тІиндадерица сухъмахънухккун ине рикІкІада бугин, къанагІатай гьоболалъул гІумруялъе ругьун гьечІеб сапаралъ ине хІинкъи цІикІкІараб бугин абун, «бахІарасул» бакІалдаго тана.

ЦІумадисезул «халкъияв артист» СагІит МухІамадовас пандрида ахІулел кучІдуз босун унеб букІана сверухълъи. Гьеб дандерижилъун багъулеб букІана кьурабазда. Гьедин, ахІулаго-кьурдулаго, щвана «бахІаралъул» бакІалде ва квана-гьекъейгун сухІмат-кепги гьабун, нахъ-руссана «бахІарайги» чоде яхизаюн. ЛъикІаб тепси букІана «бахІарасул» бакІалде «бахІарай» ячІун хадуб. Умумул чІарбида кваналел рукІараблъи бихьизабизего гІадин, цересел салмаг-паласазда тутиядулгун цІулал щурун-гъадарабазда лъун, тІибитІун букІана квен-тІех: бакъварабгун цІияб гьан, гьалилгун ролъул ханждал хинкІал, къакъачал, лъапаби, цІурачадал, мичІчІил чурпа, барссараб ролъ, бахъухъ ва кванил цогидалги нигІматал. Амма хІурматиял гьалбадерие гьебго квен-тІехалъул тепси гІуцІун букІана школалъул интерналъул ашбазалда. Гьенирги камичІо рикІкІунел ва ахІулел кучІдул, гьарулел кьурдабиги, цоцае гьарулел гьара-рахьиял.

Тепсиялда кІалъазе рахъана ТІинди росдал администрациялъул бетІер СаидхІусен МухІамадов, Гъизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель АхІмадпаша ГІамирлаев ва гьебго районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель ГІиса Рамазанов, нилъер райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухІамад Коратов, «Дагестанская правда» газеталъул отделалъул нухмалъулев ГІабдурахІман МухІамадов ва цогидалги.

Райадминистрациялъул бетІерасул заместитель МухІамадрасул Гагиевас жиндирго к1алъаялда бихьизабуна миллиял байрамалгун гІадатал нилъер рухІияб бечелъиялъул бутІа кколеблъи ва гьелъул кІудияб кІвар букІин гІун бачІунеб гІел куцаялъулъ.

Министр Татьяна Гамалейица баркала загьир гьабуна тІиндадерил жамагІаталъе ТІинди росдал ХІурматиял гІадамазул кьерулъе жий йосиялъухъ ва анкьуму-музухъан ирсалъе щвараб байрамалда гІахьаллъизе жиндие рес щваральухъ.

«Гьадинал тадбираз кІочене толаро халкъазул гІадатал ва гьезул культура. Гьез квербакъула бах1арчиял умумузул мисалаздалъун г1олилал куцазе ва халкъазда гьоркьосеб хурхен щулалъизе. Гьаб байрамалдаги нилъеда, хасго гьалбадерида, бихьулеб буго тІиндадерил этносалъул хаслъигун берцинлъи, росдал жамагІаталъул цолъи ва гъунки»,-ян абуна министралъ жиндирго кІалъаялда.



...Тадбир, кидаго гІадин, рохалида ва гІуцІадго ана. Гьединал ва гьелда релълъарал цогидалги тадбир-байрамал тІоритІизе тавпикъ кьеги районалъул росабазул жамагІатазе.

Динияб букІа, динияб гуреб букІа, халкъалъе рохелги бикьулеб, бищун рикІкІадасиеб колодасан рахъунги харабиги рачІунеб, сайигъат-садакъаги жиндир цІикІкІараб «Кьаба»-байрам хвезе тезе бегьиларо.

**Хадижат Залимханова**

**Акция**

## «ЦIумада районалъул гIолилал наркотиказде ва терроризмалде данде» тадбир







АнцIила кIиабилеб апрелалда «ЦIумада районалъул гIолилал наркотиказде ва терроризмалде данде» абураб акция Агъвали тIобитIизе хIадурлъиялъул суал хал гьабуна араб итни къоялъ данделъараб наркотиказде дандечIараб районалъул комиссиялъул данделъиялда. Гьениб комиссиялъул председатель МухIамадрасул Гагиевас бицана акциялда хурхун районалда тIоритIизесел тадбиразул хIакъалъулъ.

Гьесул рагIабазда рекъон, данделъиялда гIахьаллъизе руго Республикаялъул батIи-батIиял идарабазул вакилзаби. Данделъиялда лъикIаблъун рикIкIана анцIила кIиабилеб апрель щвелалде росабалъ цIалдохъабазда ва гIолилазда гьоркьоб гьеб суалалда сверухъ тадбирал тIоритIизе районалъул идарабазул вакилзабазулгун диниял церехъабазул гIахьаллъигун. Гьединго гьениб гIенеккана наркотикал хIалтIизариялде данде ва гьел тIиритIи гьукъиялъул рахъалъ районалъул газеталда кьолел информациялъулал материалазул хIакъалъулъ районалъул газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибировасул информация.

«Гьединал тадбирал тIоритIулезул гIайибал-далъун, гьеб рахъалъ районалда гьабулеб хIалтIи цо-цо мехалъ хутIулеб буго информационниял сурсатазда лъечIого. Тадбиразул хIакъалъулъ я жидецагоги гьечIо материал хъвалеб, я редакциялъул хIалтIухъаби гьечIо гIахьал гьарулел»,-ян абуна бетIерав редакторас ва гьеб рахъалде пикру буссинабуна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул ва жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул хIалтIухъабазул.

КIалъазе вахъарав жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул оперуполномоченный, полициялъул капитан ГIабдулхабир ГIабдулхабировас баян гьабуна районалда наркотиказде дандечIеялъе гьабулеб профилактикияб хIалтIул ва дандчIвалел захIмалъабазул. Гьес бихьизабуна гьеб рахъалъ жидее хIажат букIин росабазул администрациязулгун школазул нухмалъулезул ва росдал жамагIаталъул цадахъаб хIалтIулаб кумек.

Данделъиялъул ахиралда МухIамадрасул Гагиевас тIадвусунги бихьизабуна нилъ жавабиял рукIин нилъерго лъималазул букIинесеб цIуниялъулъ ва метер кватIун ккелалде, гьеб хIалтIуда сверухъ къойилаб бербалагьи букIинабизе.

**МухIамад Къасумов**

## Наркотиказдаса инкар гьабе!

Наркомания ккола жакъасеб жамгIияталъул кIвар бугеб гIузрулъун ва наркотиказулгун бухьен бугев щибав чиясул хъизаналъегун гьудулзабазе балагь. Сахгьабизе бугеб захIмалъиялде балагьун ва гьелдаса хварал гIадамазул къадар бихьун, гьеб бащалъула онкологиялъул унтабаз хваразда. Наркоманилъул тарихалде раккани, нилъеда бичIчIула гьелъул кьалбал цIакъго гъваридал рукIин. Жеги кIиазарго соналъ цере хIалтIизарулел рукIун руго батIи-батIиял махIазул хурдузул кIкIуйгун сунтIулел ва гьекъолел жал. Цебе заманалда гIадамазул пикру букIун буго гьез унтаби сах гьарулин абураб, амма гьеб букIунаан наркотиказул асаралда гъорлъ заманаялъе щолеб бигьалъи.

Гьел хурдузул гьарурал батIи-батIиял лъиназ гIадамалги чIвалел рукIун руго ва инсан жидедаса варавлъун гьавулев вукIун вуго. Азаазар соназдасан наркотикал гIадамаз ракIгъеялъе къойил хIалтIизарулел жаллъун лъугьун руго ва гьелъул къурбаналлъун чIахIиял гурелги, гIисинал лъималгицин кколел руго. Щибаб соналъ киналго рагъазулъ хваразда цIикIкIун гIолилал холел руго наркотикал хIалтIизариялъул хIасилалъ. ЦIалдохъабаз наркотикал хIалтIизарулел ругони, гьезул пагьму хола, цIалудехун гъира букIунаро, сверухъ ругел гIагабожараздехун бугеб бербалагьи хисула.

Наркоман ккола наркодилеразул асир, ва гьез къойил наркотикалги кьун, гьесул дунялалдехун ва гIумруялдехун бугеб рокьи чучлъизабула. Наркоманаз цохIо жидеего гуребги, сверухъ ругел гIадамазеги кIудияб зарал гьабула. Бищун лъикIаб буго киданиги наркотиказул хIалбихьичIого тей, щай гурелъул гьез нилъ дунялалъул рохелаздаса махIрум гьарула. Нилъер районалъул гIолилаз ахIи балеб буго киналго наркотикал хIалтIизарулел гIадамазде: «Районцоял, наркотиказдаса инкар гьабе! Те гьел гIумруялъе хIинкъи бугел заралиял жал, тIаме сахаб ва аваданаб гIумру!»

**ПатIимат МуртазагIалиева**

## ЦIа ккеялдаса цIуне!



Психологазулгун социологазул цIех-рехазда рекъон, гIадамаз цIакъго къанагIат гурони пикру гьабулеб гьечIо ахирият соназ гIемерал цIаял ккolел рукIиналъул.

ЦIаялъ нилъее кьолел квегIенлъабаздеги ругьунлъун, гьелдаса бугеб хIинкъиялъул кIочон толеб буго гIадамазда. Чанги цIаял ккола гьелъие гIадамаз жидерго гIайибалдалъун шартIал гIуцIиялъ.

ЦIа ккей-гьеб ккола цIакъ захIматаб лъугьа-бахъин, материалияб зарал ккей гуребги инсанасул гIумруялъеги хIинкъи бугеб иш.

Практикаялъ бихьизабулеб буго цIаялде дандечIараб къокъаялъ гьабулеб хIалтIиялъухъ балагьичIого, цIаял ккеялъул хIужаби цIикIкIунел рукIиналъул. ГIемерисез гьеб рикIкIунеб буго нагагьаб балагьлъун, цогидазгIадамазул тасамахIлъиялъул хIасиллъун ва хIинкъи гьечIолъиялъул тIалабал цIиничIого рукIиналъул. ЦIа ккеялъулъ гIайибаллъун рукIуна жалго гIадамал. Гьез рехун тола жеги сун рахъинчIел хъалиян, свинаричIого тола рукъзал хинлъизаризе раккарал токалъул алатал.

ГIемерисел цIаял ккола гIадамаз гIумру гьабулел минабахъ ва киназулго цого гIаламатал руго: токалъул басрияб кварал рукIин, бегьуларел бакIазда хъалиян цIай, рукъзал хинлъизарулел алатал бербалагьичIого тей. Бищун цIикIкIун цIаял ккола токалъул алатаздасан.

ГIадамаз хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул тIалабал цIунулел гьечIо, гьединлъидал цIаяздаса цIуниялъул хъулухъ гьабулезда кIоларо щибав инсанасул рокъоб халкквезе.

Гьединлъидал, бокьун буго цо-цо насихIатал кьезе: нужецаго гьарурал рукъ хинлъизабулел токалъул алатаздаса пайда босуге, босун хадуб бербалагьичIого тоге, хехго цIа рекIунел жалаздасан рикIкIад те гьел ва зама-заманалдасан токалъул кваралъул хал гьабе.

ХIурматияб районцоял! нужер тасамахIлъиялъ кIудияб балагьазде рачине бегьула гIадамал. НагагьалдалъуН талихIкъосиналъ цIа ккани нужеца ахIизе ккола 01, 101, 112 номералде ва дурусго баян гьабизе ккола цIа ккараб бакIалъул адрес, цIар ва телефоналъул номер. Кумекалъе цIа свинабулезул бригада щвелалде, нужецаго цIа свинабизе жигар бахъизе ккела, амма гIумруялъе хIинкъи бугони, киналго рукъалъул гIадамаз мина-бакI тезе ккола.

ЦIуне нужерго минабигун магIишат цIа ккеялдасан.

**ГIадилхан ХIабибов**

**Специалистасул малъа-хъваял**

## Цаби-гIусал цIуне



Чорхол сахлъиялъе кIудияб кIвар буго щулиял цаби-гIусазул. ХIалбихьияз чIезабулеб буго цаби-гIусал хвечIел гIадамазул квен биинабулел органал унтунгутIи, ва гIадан херлъунгутIиялъулъ гьезул кIудияб кIвар букIин. Бицунеб рагIул баянлъи ва квеналъул чIами тIубанго бараб буго цаби-гIусазда. Гьел гьечIони, чиясул куц-бегI сурукълъула, кIутIби ва кIаркьаби сукIкIула, гьумералда херлъиялъул гIаламатал загьирлъула.

Цаби-гIусазул бищунго тIибитIараб ва захIматаб унти ккола кариес (цаби-гIусал хIапароялъ кванай). Кариесалъ цаби-гIусал тIасияб хъалалдасан байбихьун, гьезда жанир ругел тканазде щвезегIан, кванан риххизарула. ГIусазул гьодорлъабаздасан инфекция (микробал) бидурихьазда ва цогидалги лугбазда тIиритIиялъ раккула ангина, ревматизм, ракI ва ургьисалал унти.

Нилъер улкаялда кIудияб кIвар кьола кариесалде данде рагъ баялде. Фтор жаниб гIолареб гьекъолеб лъим бугониги, гьеб гьелдалъун бечед гьабула.

Тохтурзабаз къинал руччабазул кванил рационалде кIвар кьола. Гьезие щвезе ккола батIи-батIиял овощал, фруктал, рахьдал ва фосфоргун кальций жанир ругел кванил нигIматал, витаминал. Кариесалде данде къеркьеялъулъ кIвар буго керен кьун лъимер хахизабиялъул. Эбелалъул кереналъул рахьалда рукIуна киналго витаминал, микроэлементал, гьединлъидал лъимал хахизаризе ккола цо лъагIелалъниги. Нилъер руччабаз абуни, лъабго моцI балелдего кереналдасан тIезарулел руго лъимал. ХIалбихьияз бихьизабухъе, заман щвелалдего искусственнияб кванде лъимер ругьун гьабиялъги квербакъула кариесалъулаб процесс дагьлъизе. ГьитIичазул кванилъ букIине ккола фосфор ва кальций, гьел жалин абуни, бищунго гьарзаго рукIуна рахьдалъ.

Кванан хадуб цаби-гIусазда гьоркьор рукIуна кванил хутIелал ва микробал. ЛъикIаб буго кванда хадуб гIеч, ламадур, талган, капуста кваназе. Гьелъ рес кьола цаби-гIусазда рекIарал кванил хутIелал инаризе. Гьединго кванан хадуб лъеца кIал хулизе лъикIаб буго. Сордо-къоялда жаниб кIиго нухалъ-радал кванан хадуб ва къаси регилалде чурун рацIцIад гьаризе ккола цаби-гIусал.

КъвакIарал дабал ругел гIадамазе лъикIаб букIуна хасаб порошокалъ цаби-гIусал чурун рацIцIад гьаризе. Щивасда кIочене бегьуларо къойил цаби-гIусал рацIцIад гьари, гьумер- кIал чуриго гIадаб, кIвар бугеб иш букIин, ва, гьезул хал гьабизе, стоматологасухъе рачIине.

**МухIамадсажид ХIамзатов**

## ТIиндадерил «Кьаба»



ТIиндадерил байрам - «Кьаба» бихьизе,
Кьиндалил кьвараараб мехалда рачIа.
Хасел бащалъуда халкъияб байрам-
Ихдаде ракIчIараб чIухIараб байрахъ.

Нуж ругьун ратани, хинлъизаризе,
Хириял, рорхила медалъул лълъарал.
Нуж свакан ратани, свак чучиялъе,
Свераби рахъила магIарул кьурдул.

ГIадамал ракIарун чIагIа гьекъела,
ЧIарил бахIарзазул бертин гьабила.
Зурма-къалиялъул къва-къвалеб гьаракь,
Рорхатал кьурабаз такрар гьабила.

Гьава-бакъги рекъон, бачIин цIикIкIине,
ТIобитIун батаги жакъасеб «Кьаба».
Нижер байрамалда гIахьаллъаразе,
Гьарула щулияб сахлъигун рохел.

Нижер тIиндадерил «Кьаба» бихьизе,
Кьиндалил кьвараараб мехалда рачIа.
МугIрул гIадатазул гьитIинаб жавгьар,
Нужеда кидаго кIочоне гьечIо.

**Рашид Закаряев**

## «ЩIумадисезул гьаракь» газеталъ 80 сон тIубаялде

# 1968 соналъул районалъул «Колхозчи» газеталъул гьурмаздаса

**1937 соналъул 1 декабралда газеталъул тIоцебесеб номер къватIибе ана «Ленинил Байрахъ» абураб цIаралда, 1939 соналъул 1 январалдаса нахъе-«Колхозчи» абураб цIаралда ва 1992 соналъул 1 январалдаса нахъе-«ЩIумадисезул гьаракь» абураб цIаралда гъоркь.**


1 январь | 1 коп.

М. Ш. Шамхаловасе Дагъистан АССРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан абураб хIурматияб цIар кьеялъул хIакъалъулъ

ДАССРалъул ВЕРХОВНЫЙ СОВЕТАЛЪУЛ ПРЕЗИДИУМАЛЪУЛ УКАЗ

Советияб культура цебетIезабиялъе гьабураб хIалтIуе гIоло ва гьавураб къоялдаса 50 сон тIубаялда бан ДАССРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан абураб хIурматияб цIар кьезе ШАМХАЛОВ МухIамад Шамхаловичасе — областалъул „БагIараб байрахъ" газеталъул редакторасе.

ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул председатель ГI. ДАНИЯЛОВ.

Секретарасул бакIалда ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул член Е. ЕФИМОВА.

МахIачхъала шагьар, 1967 соналъул 18 декабрь.


ЛъикIав мухбир

Сураталда нужода вихьулев вуго районалъул „Колхозчи" газеталъул лъикIав мухбир М. МухIамадов.

Гьес жигараб гIахьаллъи гьабула „Колхозчи" газеталъул гьурмаздаса районалъул колхозазул церехъабазул махщел, бергьенлъаби, лъикIаб хIалтIул хIалбихьи бихьизабизе.

Росабалъ щвараб механлъги Муртуз кидаго гIадин вахъула мухбирзабазда цеве, бицула гьезда цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

Муртуз вуго мухбирзабазул Советалъул член.

### Кьо балеб буго

Агъвалисан КIванаде, Лъондоде ва Гьимерсо росабалъе машинаби хьвадизе хIинкъи букIунаан цIадал ран ходусала бачIараб Хуштадерил лъаралъ. Гьебги хIисабалде босун районалъул нухазул участкаялъ байбихьана лъаралда тIаса кьо базе.

Гьеб хIалтIулъ жигарчилъи бихьизабулеб буго кIвандерил захIматчагIаз. Гьез къокъабго заманалда жаниб кьодул цо сакI бан лъугIизабуна.

Тохаб буго кьо баялъе гьабулеб хIалтIулъ Лъондода ва Гьимерсо росабазул захIматчагIаз гьабулеб гIахьаллъи. ЛъикIаб букIинаан гьезги жигараб гIахьаллъи гьабуни.

**ГI. Расулов**
**7 май**

### Хатимат ва гьелъул лъимал

Лъабабилеб группаялъул инвалид ХIайбулаева Хатимат 1958 соналда росги хун 7 гIисинаб лъимергун хутIана. Гьеб мехалъ бищун кIудияв вас МухIамадил 14 сон, бищун гьитIинав Закарияв цо лъагIелцин тIубан букIинчIо. Бигьаго букIинчIо Хатиматие гьел гIисинал лъимал гIезаризе. ЗахIмалъи бихьаниги, лъималазда бестIаллъи лъазе Хатиматица биччачIо. Пачалихъалъ гьабулеб гIорхьи гьечIеб кумекалда мугъчIвайги гьабун, гьелъ лъималазе лъикIаб тарбия кьуна, чIахIиязул адаб-хьатир, гIисиназе кумек гьабулел, жидерго хьвада-чIвадиялъул лъикIаб гIамал хасияталъулаллъун гьел гIезарулел руго.

ГьабсагIаталда Хатиматил киналго лъимал -Зайнабги, ПатIиматги Дагъуниверситеталда, МухIамад Ростовалъул институталда, Мирзалавги, ГIалиги Гьакварив, Жавгьаратги, Закарияги Агъвали гьоркьохъел школазда лъикIал къиматалгун цIалулел руго.

Хатимат кутакалда йохарай йиго гIун рачIунел ругел жиндирго лъималаздаса. КватIичIого тIадегIанаб лъайгун, лъикIаб махщелгун тIад русина Хатиматил 2 ясги цо васги. ГIисиназин абуни ккела вузазда гьезул бакI.

Хатиматил анищ буго жиндир киналго лъимал лъикIаб лъайги, тарбияги, махщелги щун нилъер халкъалъеги, ВатIаналъеги мунпагIат бугеллъун рахъун рихьизе. Щибго щаклъи гьечIо Хатиматил гьеб анищ тIубазе букIиналда.

**М. МухIамадов,** Агъвали гьоркьохъеб школалъул умумузул комитеталъул председатель.

**31 январь**

### Гьелъие баркала

АнцIила кIиго соналъ хIалтIулей йиго Лида Ходова Хуштада росулъ медпунктalда заведующаялъун. Гьеб заманалда жаниб Лидае щвана хIалтIул лъикIаб хIалбихьи ва захIматчагIазул нус-нус баркала.

Гьелъие гьей мустахIикълъана нус-нус унтарал гьелъ сах гьариялъ, анцI-анцI сардал унтаразда аскIоб рогьизариялъ, гьездехун бугеб недегълъиялъ, гьездехун бугеб недегълъиялъ, ракI батизабулеб берцинаб кIалъаялъ.

Л. Ходовалъ кIудияб жигар бахъула гIадамазул рукъзабахъ, къватIазда, общественниял бакIазда рацIалъи чIезабиялъе рахунел унтабазде дандечIарал тадбирал гьариялъе. Гьемер щола гьей кохозчагIазул рукъзабахъе, интернаталде ва цогидал бакIазде. Жий щварал бакIазда ратарал гIунгутIаби хехго лъугIизариялъе Лидаца чIванкъотIарал тадбиралги гьарула.

Сагълъи цIуниялда тIад Лидаца кьолеб кIвараалдаса, гьелъул жигарчилъиялдаса росдал захIматчагIи цIакъго разиял руго.

**ГI-Б. Вечедов**
**31 март**

### Жигар бахъулеб буго

Хьаргаби ГЭСалъул тIадегIанаб вольталъул линия цIан Лъондода росулъ щун буго. Гьанже росулъе жаниб ва рукъзабахъе линия бачулеб буго.

Гьеб хIалтIи кIудияб жигарчилъиялда гьабулеб буго электромонтеразул курсалги лъугIизарун рачIарал специалистал А. МухIамадовас, М-З. ХIажимухIамадовас, М-З. Ибрагьимовас ва росдал гIолохъабазги.

Гьемер кватIичIого гвангьила лъандадерил рукъзабахъ ва къватIазда Ильичил чирахъал.

**ГI-Р. ХIамзатов**
**3 апрель**

### Гьобо къачIана

ТIисси-Ахикь росдал захIматчагIазе кIудияб къварилъи букIана росдада аскIобго буго гьобо къачIачIого рехун тун букIиналдалъун. Хенезе инзе кколел рукIана 2-3 къоги хвезабун ТIинди росдал гьабихъе.

Гьеб къварилъиги хIисабалде босун колхозалъул правлениялъ жигарав колхозчи Багьавудин ХIажиевасда тIад къана гьобо къачIазе ва хIалтIизабизе.

Багьавудиница чамго къоялда жаниб гьобо хIалтIизе биччана ва гьелдаса разиго руго росдал захIматчагIи.

**Р. ХIажимухIамадов**
**28 февраль**

### КъачIазе ккеларищ?

Гъоркьияб Хъварщинисан эхедехун Цихалахъ щвезегIан ругел нухал цIадаз иххаз ва гIансиялъ хвезарун лъелал чагIазецин хIинкъи бугеб хIалалда ккун руго. ЦIакъго хIинкъи бугеб хIал буго кьоязул. Гьедин бугониги гьел нухал къачIазе ракIалде щолев чи гьеб участкаялдаги гьечIо.

ЛъикI букIинародай нухал къачIаялде дагьабниги пикру бусинабуни.

**ГI-Ш. МуртазагIалиев**
**14 июль**

## Рузманкъоялъул вагIза

# Ражаб моцIалъул хиралъи



Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Дида МигIражалъул сордоялъ бихьана гIор, гьелъул лъим букIана гьоцIоялдаса гьуинаб, гIазуялдаса цIороараб, мискалдаса гьуинаб махI бугеб. Дица гьикъана ЖабрагIил малаикасда: «Гьеб лъие бугеб?». Гьес жаваб гьабуна: «Ражаб моцIалъ дуде салават битIулесе буго»,-ян. Гьединго аварагас абуна: «Нуж русса БетIергьанасде, тавбуги гьабе, гIасилъиялдаса, ай, мунагьаздаса рикIкIалъе».

Ражаб моцIалъ нилъеца гьабураб гIамал цIикIкIинабула лъабкъоялда анцIго нухалъ, ШагIбан моцIалъ-анкьнусго нухалъ, Рамазан моцIалъ-азарго нухалъ. Анас бин Маликица бицана жинда дандчIванин МагIаз бин Джабал ва жинца гьикъанин гьесда киса мун вачIунев вугеван. МагIазица абунила жив МухIаммад аварагасухъа (с.т.гI.в.) вачIунев вугин. Щибха дуда рагIараб гьесдасанилан гьикъигун, Анасица абунила: «Ла иллагьа илла ллагь калима гIицIго Аллагьасе гIоло абурав чи Алжаналде лъугьина». Гьединго щив чи вугониги, Ражаб моцIалъ Аллагьасе гIоло цо кIал ккурав, гьев чиги Алжаналде лъугьина»

Цинги Анас аварагасухъе ана ва бицана жидеда гьоркьоб ккараб хабар. Цинги Аварагас абуна: «МагIазица битIараб бицана», -ян. Аварагас абуна: «Кинабниги халкъ къиямасеб къоялъ бакъун букIуна, аварагзабиги, гьезул агьлуги, Ражаб ШагIбан ва Рамазан моцIаз кIал ккурал гIадамалги хутIизегIан. Гьел гIорцIунги рукIуна, къечги буссун букIуна»

Абу Къулабатица абуна:«Ражаб моцIалъ кIал ккурасе Алжаналда хьала буго»,-ян. Байгьакъица абуна: «Абу Къулабат чIахIиял тIабигIиназдаса вукIана, гьес бицараб хабарги битIараб буго»,-ян.

Аллагьас тавпикъ кьеги бусурбабазе Жив разияб хIалалъ хьвадизе ва гьал хирияб моцIазул адаб гьабизе.

**Шамил ХIажиев,** Агъвали мажгиталъул имамсул заместитель

## ГурхIел-рахIму

# Баркалаялъе мустахIикъал



Къогоялдасанги цIикIкIун сон буго Гъоркьгьакварисса Аида МуртазагIалиевалъулгун Аминат МухIамадовалъул росдал харабазе хьулухъ гьабула ва росуцояз гьел намус бацIцIадал, кIвахI лъаларел ясазе «ЛъикIал ишазул хIурулгIинзабиян» тIокIцарги кьун буго. Щибаб къоялъ, жидер графикалда рекъон, щола гьел харабазе хьулухъалъе: рукъ-азбар бацIцIула, гIи-боцIи тIубазе кумек гьабула, ретIел-кун чурула, пастIаналъубгун ахикь хIалтIула ва квен-тIех хIадурула. Хасго жигар бахъула гьез халкъалъе социалияб хьулухъ гьабиялъул районалъул централъул планалде росарал тадбирал тIоритIиялъулъ: гIуцIула харабазе байрамалъулаб тепси, кьола гьезие сайгъаталгун баркиялъулал кагътал.

Гьемераб хIалтIи гьабула Аминатицаги Аидацаги росдал жамгIияб гIумруялъулъги. Гьел гIахьаллъичIеб росдал цониги тадбир букIунаро. Сонайил 9 Маялде росдал майдан гIуцIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабула, оцбаялъул, рецари байбихьиялъул, росулъ санитарияб къо тIобитIиялъул -тIолгоязде гIунтIун тадбиразулъ гурун гъуждулгун хIалтIула гьел нижер «хIурулгIинзаби»

Щиб иш гьабулел рукIаниги, гьез сверухъ ругезе бикьула рекIел хинлъигун аваданлъи, недегълъигун, гурхIел-рахIму. Бокьун буго Марзигат МухIамадовалъегун нижер «хIурулгIинзабазе» росдал харабазул рахьалъан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

**Сахрудин МуртазагIалиев**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баянazул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302
Тираж -2030
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# Обращение главы района к цумадинцам

Дорогие цумадинцы!

23 ноября 2016 года решением Федеральной налоговой службы в Единый государственный реестр юридических лиц внесена запись о создании некоммерческой организации «Фонд социально-экономического развития Цумадинского района «Цумада».

Основной целью деятельности Фонда является добровольное объединение интересов, усилий и материальных ресурсов бизнесменов и жителей района для решения социально-экономических проблем района.

Одним из главных критериев успешной реализации задач содействия по развитию образования, культуры, профилактике и охране здоровья граждан района является вовлечение бизнес-сообществ, физических и юридических лиц в благотворительную деятельность.

Для реализации задач социально-экономического развития района, Фонд намерен привлекать и широкий круг российских и зарубежных инвесторов, создавать в установленном порядке предприятия и организации, выполняющие задачи, определенные целями Фонда.

При условии аккумулирования на счетах достаточных средств, Фонд направит их на строительство социально-значимых объектов производственного, социального и культурно-бытового значения, осуществит благоустройство, реставрацию, строительство и ремонт зданий, объектов и территорий, имеющих историческое, культурное и природоохранное значение. Осуществлять сотрудничество во всех возможных законных формах с заинтересованными государственными и негосударственными структурами в деле развития и процветания нашего с вами района.

Для сведения сообщаю, что в деле решения социальных программ района активное участие принимают органы исполнительной власти и представители бизнес-сообществ Липецкой области.

17-18 ноября 2016 года делегация Цумадинского района посетила Липецкую область и заключила Договор об установлении побратимских связей между МР «Цумадинский район» и МР «Добровский район» Липецкой области.

В ходе пребывания делегации в Липецкой области представители района встретились с губернатором области Королевым О.П., начальником Управления внутренних дел Молокановым М.В., руководителями муниципальных районов области и представителями бизнес-сообществ.

20 февраля 2017 года в район в рамках рабочего визита прибыл генерал-майор Молоканов М.В. Во время его встречи с руководством района достигнута договоренность по поставке оборудования, инвентаря и строительных материалов за счет хозяйствующих субъектов Липецкой области на сумму 2 800 000 рублей для оснащения и ремонта спортивных объектов и дошкольных образовательных учреждений района.

Уважаемые земляки! Надеюсь, что и Вы внесете определенный вклад в решение этих благих намерений. Буду рад видеть Вас в числе, внесших свою лепту в дело развития и процветания родного района.

**С уважением Анвргаджи Вечедов**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 35

**от 22 марта 2017 г.**

**«О выделении жилого помещения по договору найма»**

В целях реализации Закона РД от 04.12.2008 г. №57 «О наделении органов местного самоуправления муниципальных районов и городских округов РД государственными полномочиями РД по обеспечению жилой площадью детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей», на основании Постановления Администрации МР «Цумадинский район» № 111 от 21.11.2016г. «Об определении лица для приобретения и выделения жилья по договору социального найма» - постановляю:

1.Выделить по договору найма муниципальное жилое помещение с земельным участком, находящееся в с. Хуштада, принадлежащее муниципальному району «Цумадинский район» на основании государственной регистрации права № 05:38:000006:474-05/005/2017-2 и № 05:38:000006:472-05/005/2017-2 от 10.02.2017 года, Меджидовой Патимат Шахрулабазановне, 25.10.1992 года рождения.

2.Отделу финансов, экономики и имущественных отношений подготовить проект договора найма с Меджидовой П.Ш.

**И. о. главы муниципального района М-Р. Гагиев**

## ОМВД России по району информирует

Отдел МВД России по району представляет государственные услуги и функции в упрощенном виде:

-проведение добровольной дактилоскопической регистрации граждан в РФ. Ответственный: старший участковый уполномоченный полиции Джахпаров Саидмагомед, тел: 8(8722)98-43-21 8(960)-420-89-56. Прием граждан в понедельник и во вторник - с 10:00 до 12:00 ч., в четверг и пятницу-с 14:00 до 17:00 ч.

-выдача справок о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования. Ответственный: старший оперуполномоченный группы уголовного розыска Исхаков Раджабдибир, тел: 8(8722)98-43-21, 8(963)-412-85-05. Прием граждан в понедельник и во вторник - с 10:00 до 12:00 ч., в четверг и пятницу-с 15:00 до 17:00 ч.

-выдача, замена паспорта гражданина РФ, удостоверяющего его личность; регистрационный учет граждан по месту пребывания и по месту жительства в пределах РФ; осуществление миграционного учета РФ. Ответственный: начальник миграционного пункта, советник ГГС-1 класса Магомеднабиев Заурбег, тел: 8(8273)2-51-36, 8(8722)55-32-58, 8(906)446-86-20. Прием граждан в понедельник, вторник и четверг -с 09:00 до 15:00 ч., в среду -с 14:00 до 17:00ч., в пятницу-с 09:00 до 16:00ч. и в субботу - с 09:00 до 13:00 часов.

Адрес: 368900, с. Агвали, улица Правосудия.
Интернет-сайт **http://gosusIugi.ru**
Адрес для электронного обращения:**МХК-ODiR-757@mvd.ru**
Интернет-сайт МВД по РД: **http://www.05. mvd. ru**

**Пресс-служба ОМВД России по району**

Владельцам и пользователям сельхозземель категорически запрещается выжигание сухой растительности.

За ее выжигание предусмотрены административная и уголовная ответственности, а также налагается штраф в размерах пяти, десяти, пятидесяти и более тысяч рублей.

**Патимат Яхьяева**

## ГIисинал математикал-Буйнакскиялда




5-7 классазда гьоркьоб тIобитIулеб Пафну́тий Льво́вич Чебышёвасул цIаралда бугеб математикаялъул республикаялъул олимпиадаялъул анлъабилеб тур тIобитIана араб гьатIан къоялъ Буйнакск шагьаралъул № 10 школалда.

Буйнакск шагьаралъулгун районалъул ва мугIрузул районаздаса рачIарал кIинусгоясдасанги цIикIкIун цIалдохъанасда гьоркьов вукIана нилъер районалдаса ункъо цIалдохъанги: ТIадгьакварисса МухIамад ГIабдулхIакъов, Къади Абакаровасул цIаралда бугеб гимназиялдаса МухIамад МухIидиновгун МухIамад МухIамадов ва Гьигьалъа ХI.Абакаров.

Олимпиадаялъул призерлъун вахъана МухIамад ГIабдулхIакъов ва гьев гIахьаллъизе вуго гьебго олимпиадаялъул МахIачхъалаялда тIобитIизесеб туралда. МухIамадида баркула бергьенлъи.

**ПатIимат МуртазагIалиева**

## Хъвадарухъабазул союзалъул мухъилъ Париза Билалова

Курск шагьаралда яшав гьабун йигей Ункъракьалъул вакил, ункъабилеб классалъул цIалдохъан, Париза Билалова йосун йиго Хъвадарухъабазул союзалде.




Гьеб хIурматияб цIаралъе гьитIинай Париза мустахIикълъана Курск областалъул олимпиадабазда гьелъул адабияталъул хIалтIабаз ва школалда хъварал сочинениязрocарал бергьенлъабазухъ.

Баркула гьитIинай нилъер ракьцоялда кIудияб цIар ва гьарула гьелъие адабияталъул гIелмуялъул тIогьие яхине тавпикъгун икъбал.

Божула, нилъ жеги чанцIулги рохизарила Парizaца ва чIухIила адабияталда гьелъ тараб лъалкIалдаса.

**Иляс Элбузаров**



## Б А Р К У Л А !

20-27 марталъ Нижний Новгородалда тайский боксалъул рахъалъ тIобитIараб Россиялъул первенствоялда чемпионлъун вахъана Чонтаул росулъ яшав гьабулев ТIиндиса МухIамадрасул МухIамадов. Баркула гьесда щвараб бергьенлъи. Гьарула гьесие хадубккунги икъбал ва талихI.

**МухIамад Къасумов**